



Depatman Transpò (Department of Transportation)

Enstriksyon ak Aplikasyon Pèmi Idantifikasyon Espesyal pou Estasyonman nan Vil New York {ki gen ti non Pèmi pakin nan vil Nouyòk pou moun ki andikape yo (New York City Parking Permit for People with Disabilities, NYC PPPD)}

Pou pi byen sèvi aplikan nou yo, Depatman Transpò Vil Nouyòk (New York City Department of Transportation, NYC DOT) **Pèmi pakin nan vil Nouyòk pou moun ki andikape yo** (Parking Permits for People with Disabilities, PPPD) te mete ansanm yon lis kesyon yo poze souvan ki ka ede gide nouvo aplikan yo atravè pwosesis aplikasyon an.

Kouman pou mwen konnen si mwen elijib pou resevwa yon Pèmi pakin NYC pou moun ki andikape (NYC PPPD)?

Toude rezidan ak moun ki pa rezidan nan Vil Nouyòk ka aplike. Pou w kalifye, ou dwe:

- mande pou itilize yon machin prive pou transpò;
- ou dwe gen yon andikap pèmanan ki afekte mobilite seryezman.

Ki dokiman mwen dwe bay pou kore yon aplikasyon NYC PPPD?

Ou oblije bay dokiman sa yo ak yon aplikasyon ranpli:

- Yon kopi kat anrejistreman aktyèl machin transpò pasaje yo pou chak plak machin ki endike sou aplikasyon an. Yo p ap aksepte yon foto fich anrejistreman an. **Tanpri sonje plak machin komèsyal yo, plak konsesyonè yo oswa plak machin pou lokasyon yo pa kapab mete sou yon PPPD NYC.**
- Yon lisans chofè Eta a, kat idantifikasyon ki pa lisans chofè, oswa yon kat idantite minisipal vil Nouyòk (NYC Municipal ID, IDNYC). Tanpri asire ke non ak adrès ki sou aplikasyon an matche ak non ak adrès ki sou dokiman idantifikasyon an.
- **Dokiman medikal** ki sipòte andikap ou a (**dwe gen mwens ke 12 mwa ki pase apre dat aplikasyon an**) yon doktè medikal (Medical Doctor, M.D.) oswa yon doktè osteopati (Doctor of Osteopathy, D.O.) epi ki sètifye pa yon doktè ki deziyen pa Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil Nouyòk (New York City Department of Health and Mental Hygiene, DOHMH). **Tanpri note byen, yon Doktè nan Medsin Podyatrik (Doctor of Podiatric Medicine, D.P.M.) pa ka sètifye aplikasyon an oswa soumèt dokiman. Anplis desa, tanpri sonje bagay sa yo:**
 - Dokiman medikal la dwe gen ladan tèl/rapò dyagnostik anplis nòt egzamen lizib doktè a. Pa voye disk kontra (compact discs, CD) ak radyografi.
 - Nòt egzamen doktè yo dwe dokimante gravite pwoblèm nan mobilite ou (kapasite pou mache).
 - Lèt "Pou ki moun li ka konsène" oswa "Chè doktè" yon doktè bay, ki fè konnen aplikan an gen yon andikap, yo PA aksepte.
- **Pou kesyon konsènan egzijans dokiman medikal, tanpri kontakte Inite Sètifikasyon Medikal Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil Nouyòk nan 347-396-6552 anvan ou soumèt aplikasyon w lan.**

Ki kalite enfòmasyon ki nesèsè pou mwen bay sou machin nan?

Aplikan yo oblije bay yon kopi aktyèl, anrejistreman machin pasaje yo valab pou chak plak machin ki pral ekri sou pèmi a (maksimòm twa plak). **Tanpri pa voye foto viyèt ki sou vit devan machin yo. NYC DOT p ap aksepte okenn nimewo plak machin ki gen yon jijman pou vyolasyon pakin ak**

Depatman Finans Vil Nouyòk (Department of Finance, DOF). Pou jwenn plis enfòmasyon sou jijman pou vyolasyon estasyonman ki poko regle, tanpri ale sou sit wèb DOF la nan nyc.gov/DOF. *Tanpri sonje, si w gen plan pou mete yon lis machin ki lwe, ou dwe mete yon kopi kontra lwaye pou machin sa a.*

Kijan mwen ta dwe soumèt aplikasyon mwen an?

- Revize epi siyen aplikasyon an.
- Mete tout enfòmasyon yo mande yo sou fòm aplikasyon an, tankou dokiman medikal yo kòm sipò, epi voye fòm ou a bay:

**New York City Department of Transportation
Permits and Customer Service
30-30 Thomson Avenue, 2nd Floor
Long Island City, NY, 11101-3045**

***Tanpri note:** Yon mari oswa madanm kapab soumèt yon aplikasyon tou nan non yon aplikan; patnè domestik, jan sa defini nan Kòd Administratif Vil Nouyòk 1-112(21); paran; gadyen; oswa lòt moun ki gen responsablite legal pou administrasyon zafè moun sa a chak jou. Non ki sou aplikasyon an oblije parèt egzakteman jan li parèt sou dokiman idantifikasyon an. Y ap voye aplikasyon ki pa konplè yo ap retounen.*

Kisa ki pral pase aprè yo fin resevwa aplikasyon mwen an?

- Inite PPP a pral egzaminen tout dokiman yo pou li asire l aplikasyon ou a konplè. Si yo konsidere aplikasyon an enkonplè, y ap retounen li ba ou ak yon lèt ki dekri enfòmasyon ki manke yo bezwen.
- Inite PPPD a pral soumèt aplikasyon w ranpli a ba Inite Sètifikasyon Medikal DOHMH pou l revize. Yon doktè ki deziyen DOHMH pral revize aplikasyon an ak dokiman medikal sipò yo. Desizyon an pral baze sou enfòmasyon ou bay yo ki sipòte yon gwo pwoblèm mobilite, jan sa defini nan Seksyon 16-02 Tit 24 Règ Vil New York.
- Si DOHMH apwouve aplikasyon w lan, Inite PPPD ap ba w yon pèmi.
- Si DOHMH refize aplikasyon w lan, y ap voye w nan kourye lapòs yon lèt ki detaye pwosesis apèl la.
- Tout pwosesis aplikasyon an ka pran plis pase 90 jou ouvrab.

Tout enfòmasyon ki soumèt ak aplikasyon an ap kenbe konfidansyèl. Anplis de sa, nenpòt dokiman medikal ki vin apre yo soumèt bay DOHMH ap rete konfidansyèl. Enfòmasyon yo soumèt yo pral pataje sèlman ak moun ki enplike nan pwosesis sètifikasyon ak/oswa pèmi yo, nan limit lalwa pèmèt oswa egzije sa.

Si w gen nenpòt kesyon konsènan aplikasyon sa a, ou ka rele Sèvis Kliyan nan: 718-433-3100. Pou sèvis telefòn Teletypewriter (TTY), rele nan 212-504-4115.

Nou apresye opòtinite nou genyen pou nou sèvi ou epi n ap remèsye ou pou kowoperasyon ou.

Rezidan New York yo ka jwenn yon Fòmilè Enskripsyon Elektè a sou entènèt la nan: vote.nyc.ny.us oswa rele Biwo Eleksyon an: 212-868-3692 Nimewo telefòn: 866-VOTE-NYC. Ou pa oblije enskri pou vote pou resevwa sèvis leta yo.



Depatman Transpò Vil Nouyòk
PÈMI IDANTIFIKASYON PAKIN ESPESYAL VIL NEW YORK
 PAKIN POU MOUN KI GEN YON ANDIKAP (PPPD)
 Aplikasyon pou yon Pèmi Pakin pou Andikap **VIL** LA BAY

DOKIMAN IDANTIFIKASYON: Tanpri tache yon kopi Lisans Chofè Eta a oswa Kat Idantifikasyon ki pa Chofè, oswa ID Minisipal Vil Nouyòk (IDNYC)

A. DOSYE PÈSONÈL APLIKAN AN*		DOKIMAN IDANTIFIKASYON #		ANTOURE YOUN, endike Eta si sa nesèsè:	
*moun ki gen andikap la		_____		Lisans chofè Eta a _____ Kat idantite moun ki pa chofè _____ IDNYC	
Siyati	Non	Inisyal	Nimewo Sekirite Sosyal (4 Dènye chif sèlman ki obligatwa)		
Adrès Kay la: Ri ak Nimewo Apatman an: Nimewo		Sèks (antoure youn) GASON FI	Wotè (an pye & pous):	Pwa (an liv):	
Vil	Eta	Kòd Postal	Nimewo telefòn kay la:	Nimewo telefòn pòtab	
Dat Nesans	Adrès Imèl:				
B. IMATRIKILASYON: Ou dwe soumèt yon kopi anrejistreman aktyèl machin pasaje yo pou chak nimewo plak machin ki nan lis la. Tanpri sonje ke yo pral tcheke enskripsyon machin pasaje ou soumèt yo pou vyolasyon pakin Vil Nouyòk. Nenpòt plak ki gen jijman vyolasyon pakin pa pral enprime sou pèmi w la. Se sèlman twa plak machin yo pèmèt sou chak pèmi.					
1.		2.		3.	
C. DEKLARASYON					
Mwen deklare enfòmasyon ki nan dokiman sa a se verite epi yo kòrèk dapre sa mwen konnen ak sa mwen kwè, epi mwen pa te fè espè pou mwen bay manti oswa bay enfòmasyon mwen konnen ki se manti epi mwen rekonèt gen sanksyon ki nan Atik 210.45 lwa penal la pou moun ki bay manti. Mwen konprann, tout enfòmasyon yo bay la yo, se sèlman ak moun ki enplike nan pwosesis pèmi a yo pral pataje yo, nan limit lalwa pèmèt oswa egzije sa.					
DAT		SIYATI APLIKAN an* (sèlman)			
REMAK: Si idantite w bay Eta a di "Pa kapab siyen", tanpri kite "Siyati aplikan an" ki anwo a vid epi ranpli Seksyon D ki anba a.					
D. DEZYEN – Si nenpòt nan deklarasyon ki pi ba yo aplike, reprezantan an dwe siyen.					
Si aplikan an poko gen 18 an, tanpri bay non ak nimewo telefòn paran an, gadyen oswa lòt moun ki gen responsablite legal pou administrasyon zafè aplikan an chak jou.					
Si la aplikan an gen 18 an oswa plis epi li pa kapab siyen aplikasyon an, tanpri bay nimewo telefòn nan, mari oswa madanm, patnè domestik (moun ki plase ansanm), gadyen oswa lòt moun ki gen responsablite legal pou administrasyon zafè chak jou aplikan an.					
NON		TELEFÒN		RELASYON	
SIYATI REPREZANTAN AN					

PAJ ISTORIK MEDIKAL

REMAK: SE DOKTÈ PÈSONÈL OU KI POU RANPLI LI (M.D. OSWA D.O.)

ISTORIK MEDIKAL AK ETA MEDIKAL pou: *Non aplikan an jan li parèt sou Dosye Medikal (si diferan):*
Non Aplikan an (jan lis sou Eta a Lisans chofè
oswa kat idantite ki pa pou chofè; oswa IDNYC): _____

Dat nesans aplikan an _____ - _____ - _____

Non moun k ap aplike a:

Yon doktè ki deziyen DOHMH pral revize aplikasyon an ak dokiman medikal sipò yo. Desizyon an pral baze sou enfòmasyon ou bay yo ki montre ou gen yon gwo pwoblèm mobilite, jan sa defini nan Seksyon 16-02 Tit 24 Règ Vil New York. **Pwoblèm medikal oswa andikap (Chwazi omwen youn):**

- Bay detay konsènan monopoleji oswa parapeji nan ekstremitè enferyè yo.**
- Anpitasyon ki pi wo pase cheviy nan ekstremitè enferyè yo**, dapre pouvwa diskresyonè doktè a ki egzaminen a. Pwotèz ki byen adapte anba jenou an ak demach nòmal anbilatwa pa ta dwe konsidere otomatikman kòm yon pwoblèm mobilite.
- Atrit nan de (2) gwo jwenti ki sipòte pwa nan ekstremitè enferyè yo** ak gwo chanjman ki vizib klèman nan radyografi ak/oswa chanjman MRI, tankou pèt espas ant jwenti yo, chanjman dejeneratif grav plis youn oswa plizyè nan bagay sa yo:
 - (1) Deteksyon objektif yon gwo epanchman (efizyon) nan jwenti (yo) detekte pa egzamen klinik
 - (2) Gwo enstabilite oswa defòmasyon valgus/varus nan jwenti (yo) detekte pa egzamen klinik.
 - (3) Ankiloz oswa kontraksyon gwo jwenti (yo) nan yon nivo ki anpeche monte eskalye.Ranplasman jwenti pa kalifye poukont li, sof si li akonpaye pa youn oswa plizyè nan kritè ki anwo yo.
- Atrofi grav nan youn oswa toude ekstremitè enferyè yo** (oswa diferans nan longè janm ki pi gran pase twa pous) ki klèman ak seryezman afekte mobilite.
- Anòmali nan kolòn kolòn vètebral ki grav** ak patisipasyon motè san ekivok pa fasil pou atèl oswa operasyon ki ta seryezman ak pèmanan afekte mobilite. Prèk radyografik atrit nan kolòn vètebral la ak oswa san doule se rezon ki pa sifi pou jwenn apwobasyon. Rezilta CT eskan, MRI ak/oswa EMG dwe disponib pou revizyon anvan yon desizyon.
- Kondisyon newolojik**, tankou paralezit miltip, myasthenia gravis, myopati, maladi Parkinson ak maladi Alzaymè a, ki afekte toude ekstremitè pi ba yo ki ta seryezman afekte mobilite. Dokiman objektif (sa vle di, MRI, EMG, etid kondiksyon nè, elatriye) dwe soumèt, chak fwa sa apwopriye, pa aplikan an.
- Maladi kadyovaskilè ak periferik vaskilè grav** ki lakòz pwoblèm mobilite. Maladi kadyovaskilè dwe satisfè kritè **AHA** Klas III oswa IV; tès estrès, ekokardiyogram, Doppler, tès pou mache 6 minit oswa lòt etid dyagnostik dwe sipòte prèk patoloji enpòtan ak/oswa andikap.
- Maladi poumon ak prèk dokimante maladi obstriktif oswa restriksyon grav sou tès fonksyon poumon.** Prèk itilizasyon oksijèn siplemantè pou plis pase douz èdtan pa jou ka reprezante tou yon prèk akseptab de andikap.
- Ensifizans ren ki mande souvan dyaliz ren** ak rezilta siyifikatif objektif nan anomali neral oswa emik.
- Maladi nan nenpòt kategori ki mande pou chimyoterapi ak/oswa terapi radyasyon oswa lòt entèvansyon medikal ki kontinyèlman ak seryezman enpakte mobilite.**
- Post-Polio sendwòm** ki sou egzamen klè ak seryezman afekte mobilite.
- Pwoblèm sante ki gen rapò ak SIDA**, ki gen ladan neropati periferik, sendwòm deperisman, demans, ki klèman enpakte seryezman mobilite nan egzamen fizik.
- Pwoblèm mantal** ki lakòz **andikap entelektyèl** grav ki dokimante pa evalyasyon sikolojik apwopriye, ki pèmanan ak seryezman enpakte mobilite.
- Maladi konjenital** nan nenpòt kalite ki klèman lakòz pwoblèm mobilite grav pèmanan, tankou paralizi serebral, spina bifida ak sendwòm Down.
- Nenpòt lòt** andikap pèmanan ki nan sikonstans espesifik yo, ta seryezman afekte mobilite aplikan an, ki gen ladan, men se pa sa sèlman:
 - Legalman avèg oswa gwo pwoblèm pou wè dapre definisyon Eta New York.
 - Gen yon andikap fizik oswa mantal oswa yon pwoblèm sante ki pa nan lis pi wo a ki konstitye yon menm degre andikap, epi ki enpoze yon difikilte ki pa abityèl nan deplasman epi ki anpeche moun nan deplase san nòmalman. (tanpri dekri)

Eta dyagnostik medikal aktyèl la: _____

Defisyans Mobilite (chwazi omwen youn):

- Kapasite limite pou mache san asistans. Chwazi tout sa ki aplikab. Kann Wakè Chèz woulant Atèl
- Pwotèz Eskoutè Bekiy Lòt _____
- Gwo difikilte pou mache akòz gwo maladi nan poumon.
- Pa kapab mache 200 pye san kanpe.
- Kondisyon kadyak grav ki mande distans kout akòz fonksyone ki pa apwopriye.
- Lòt tanpri dekrit: _____

OBLIGWA Dokiman Medikal Sipò pou mete/tache ak aplikasyon w lan:

- Nòt egzamen/nòt tablo ki pi resan w yo ki gen dat nan yon (1) ane sivil apre aplikasyon sa a.

Dat dènye egzamen an -----/-----/----- Tache nòt egzamen an.

- Tès dyagnostik ak rapò imaj (egzanp rapò X-ray, rapò CT, rapò MRI, rapò EKG/Tès estrès, rapò PFT, rezilta EMG, tès sis minit mache).

PA VOYE CD oswa FILM MEDIKAL paske yo p ap aksepte yo.

Dat (yo) Rapò Tès dyagnostik yo -----/-----/----- Tache rapò yo.

Pou kesyon konsènan egzijans dokiman medikal, tanpri rele Inite Sètifikasyon Medikal Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil Nouyòk nan: 347-396-6552 anvan ou soumèt aplikasyon w lan.

Nan opinyon ou, èske moun sa a gen yon andikap ki *egzije* pou li itilize yon machin prive pou transpò?

- Wi Non

Sètifikasyon Doktè Pèsonèl Aplikan an:

Mwen afime ke mwen te pèsonèlman egzamine aplikan ki endike anwo a, epi ke enfòmasyon yo prezante nan aplikasyon sa a ki gen rapò ak andikap moun sa a egzat.

Lè m siyen pi ba a, mwen sètifye enfòmasyon m ap bay yo vrè epi konplè, e mwen konprann ke nenpòt fo deklarasyon alekri kapab pini anba seksyon 210.45 Lwa Penal Eta Eta New York epi yo ka rapòte tou bay Biwo Depatman Sante Eta Eta New York. Konduit Medikal Pwofesyonèl.

SIYATI M.D. oswa D.O.

EKRI NON M.D. oswa D.O.

Nimewo LISANS PWOFESYONÈL, ETA

DAT

ADRÈS

NIMEWO TELEFÒN



Depatman Transpò Vil Nouyòk
**PÈMI IDANTIFIKASYON ESPESYAL POU ESTASYÒNMAN NAN
VIL NEW YORK**
PAKIN POU MOUN KI GEN YON ANDIKAP (PPPD)

LIS pou yon **NYC PPPD**

Pou asire w ranpli aplikasyon w lan, tanpri fè lekti tout enstriksyon ki nan aplikasyon NYC PPPD ak nan Paj Istwa Medikal la.

Si yo pa satisfè tout kondisyon ki pi ba yo, yo pral voye aplikasyon w la ba ou.

- Èske w tache yon kopi dokiman idantifikasyon w lan (yon Lisans Chofè Eta a, Kat Idantifikasyon ki pa pou Chofè oswa Kat Idantite Minisipal Vil Nouyòk (IDNYC))?
[Gade **Ki dokiman mwen dwe bay ak yon aplikasyon NYC PPPD?** nan Paj 1, Enstriksyon]
- Èske w tache yon kopi anrejistreman machin pasaje yo pou chak plak machin ki ta parèt sou NYC PPPD? Èske yo tout valab toujou (poko ekspire)?
[Gade **Ki kalite enfòmasyon sou veyikil ki nesesè?** nan Paj 1, Enstriksyon]
- Èske w te asire w ke non ak adrès ki sou aplikasyon w lan matche ak non ak adrès ki sou dokiman idantifikasyon w la?
- Èske non ki sou dokiman medikal sipò w yo koresponn ak non ki nan Paj Istwa Medikal ou a? [Gade **Istwa Medikal**, Paj 4]
- Èske doktè w te ranpli nèt tout seksyon enfòmasyon medikal la, enkli siyen ak date Paj Istwa Medikal la? [Gade **Istwa Medikal**, Paj 5]
- Èske tout dokiman medikal sipò w yo (egzanp, Nòt Egzamen/Nòm Tablo, Rapò X-ray/CT/MRI, EKG/Tès Estrès, rapò konsiltan, elatriye)? Èske tout dokiman yo gen dat nan yon ane sivil apre aplikasyon w lan?
- Èske aplikasyon w ranpli nèt? Èske ou te siyen aplikasyon an epi mete dat sou li?